



## DEPATMAN PONPYE VIL NEW YORK

### ENTWODIKSYON A AVI SOU PRATIK KONFIDANSYALITE

Se Depatman Ponpye Vil New York la (New York City Fire Department) ki founisè minisipal la nan zafè tretman ak transpò medikal dijans anvan lopital nan Vil New York. Kòm founisè swen sante, Depatman Ponpye a gen obligasyon dapre lalwa pou li kenbe konfidansyalite enfòmasyon sou swen sante, ki rele enfòmasyon pwoteje sou sante (protected health information, PHI), ki konsène chak pasyan, epi pou li bay pasyan yo yon avi ki prezante kijan Depatman Ponpye a gendwa sèvi avèk enfòmasyon sa yo ak kiyès li gendwa bay yo.

Depatman Ponpye a pran angajman respekte konfidansyalite tout moun nou bay tretman ak transpòte nan kad sistèm sèvis medikal dijans la. Nou toujou trete dosye pasyan nou yo kòm enfòmasyon konfidansyèl sou swen sante.

W ap jwenn Avi konplè sou Pratik Konfidansyalite Depatman Ponpye a (“Avi”) pi ba a. Avi ki pi ba a konplete enfòmasyon ki nan Avi Rezime sou Pratik Konfidansyalite Depatman Ponpye a, yon fòmilè ki eksplike kijan nou sèvi avèk enfòmasyon sou pasyan an. Se ekip anbilans Depatman Ponpye a ki bay pasyan an fòmilè sa a.

Avi a prezante obligasyon Depatman Ponpye a genyen dapre lalwa, ak pratik li yo nan zafè konfidansyalite, konsènan PHI pasyan an, sa gen ladan l kijan Depatman Ponpye a gen otorizasyon itilize ak bay PHI pasyan an, kijan pasyan an ka jwenn ak kopye enfòmasyon sa yo, kijan pasyan an ka mande pou yo fè chanjman nan enfòmasyon sa yo, ak kijan pasyan an gendwa mande restriksyon sou fason Depatman Ponpye a ka itilize ak bay PHI li yo.

Depatman Ponpye a oblije respekte kondisyon jeneral vèsyon Avi a ki an vigè kounye a. Nan pifò sitiyasyon yo, nou ka sèvi avèk PHI yo jan li etabli nan Avi a san otorizasyon presi nan men pasyan an, men gen kèk sitiyasyon kote Depatman Ponpye a ka sèvi avèk PHI yo sèlman lè nou fin jwenn otorizasyon ekri nan men pasyan an. Avi a ap prezante sitiyasyon sa yo.

Lè li fin li Avi a, si pasyan an gen kesyon oswa bagay k ap trakase li konsènan PHI yo ak fason nou ka itilize ak bay yo, pasyan an gendwa kontakte Ajan Pwoteksyon Ransèyman Prive Depatman Ponpye a jan sa endike nan finisman Avi a.

## DEPATMAN PONPYE VIL NEW YORK

### AVI SOU PRATIK KONFIDANSYALITE

(Apati de 10 desanm 2015; egzamen ak revizyon: 16 avril 2026)

AVI SA A DEKRI KIJAN NOU GEN DWA ITILIZE AK BAY  
ENFÒMASYON MEDIKAL SOU OU AK  
KIJAN OU KA JWENN ENFÒMASYON SA YO

TANPRI LI L BYEN

#### **Objektif avi sa a**

Depatman Ponpye Vil New York la, kòm founisè sèvis anbilans, gen obligasyon dapre lalwa pou li kenbe konfidansyalite enfòmasyon sou swen sante w, ki rele enfòmasyon pwoteje sou sante (protected health information, PHI), epi pou li ba w yon avi sou obligasyon nou genyen dapre lalwa, ak pratik konfidansyalite nou yo, nan sa ki gen pou wè avèk PHI, sa gen ladan l kijan nou gendwa sèvi avèk enfòmasyon sa yo ak kiyès nou gendwa bay yo. Si w te resevwa tretman nan men ekip yon anbilans Depatman Ponpye a apre 14 avril 2003, yo te mande w rekonèt ou resevwa rezime konplè Avi Depatman Ponpye a ki enprime sou rapò apèl anbilans la, epi pou w dakò pou yo bay enfòmasyon sa yo nan objektif ki prezante nan Avi a. Malgre sa, nou gendwa itilize ak bay PHI ou yo nan objektif lalwa otorize yo. Depatman Ponpye a oblije respekte kondisyon jeneral Avi ki an vigè kounye a. Pi souvan, nou gendwa sèvi avèk PHI san pèmisyon w depi lalwa otorize itilizasyon sa a. Nan sèten sitiyasyon, nou pa gen dwa ni itilize ni bay enfòmasyon yo san otorizasyon ekri w.

#### **Itilizasyon ak divilgasyon nòminal PHI san otorizasyon pasyan an**

Depatman Ponpye a gendwa itilize ak bay PHI ou yo nan objektif tretman, peman, ak lòt aktivite swen sante, nan pifò ka yo san otorizasyon ekri presi w. Pi prezizeman, nou gendwa itilize ak bay PHI yo nan objektif sa yo:

Pou Tretman: Nou gendwa itilize oswa bay PHI nou jwenn pandan tretman w ak/oswa transpò w nan objektif tretman, sa gen ladan l bay lopital kote n ap transpòte w la Rapò sou Swen Anvan Lopital la (dosye swen pasyan an). Men kèk egzanp moun nou gendwa kominike enfòmasyon nou resevwa nan men w sou eta medikal ou, keseswa avivwa oswa sou fòm ekri: operatè radyo k ap atribye inite yo pou ensidan an, doktè a ak lòt pèsònèl medikal nan On Line Medical Control, doktè yo ak lòt pèsònèl ki nan lopital kote n ap transpòte w la, oswa yon lòt ekip anbilans k ap patisipe nan swen w yo. Anplis de sa, nou gen dwa bay yon fanmi w, yon zanmi w, oswa yon lòt moun k ap patisipe nan swen w yo, PHI ou.

Pou Peman: Depatman Ponpye a gendwa itilize oswa bay PHI ou pou li jwenn peman pou tretman medikal ak transpò li te ba ou anvan lopital la. Men kèk antite nou gen dwa bay PHI ou yo: konpayi asirans yo, konpayi bòdwo tyès pati yo ak pèsonèl ki responsab reponn kesyon sou bòdwo yo, oswa sou jesyon reklamasyon yo; pou desizyon sou nesosite medikal ak egzamen nan objektif fè bòdwo; pou jesyon itilizasyon resous; ak pou rekouvremant kont ki pa peye.

Pou Aktivite Swen Sante: Aktivite swen sante yo gen ladan yo yon varyete fonksyon tankou aktivite asirans kalite, pwogram pou bay lisans ak fòmasyon nan kontwòl kalite swen pou pasyan yo epi pou verifye pèsonèl anbilans nou an satisfè nòm nou yo nan zafè swen, epi pou reponn plent sou sèvis anbilans nou te ba ou a. Nou gen dwa itilize ak bay PHI ou yo nan kad reklamasyon oswa pwosedi devan lajistis tou; pou obeyi yon asiyasyon oswa lòt pwosesis jidisyè obligatwa; nan objektif planifikasyon biznis, pou aktivite fòs ame, defans nasyonal, sekirite, ak sante piblik, ak nan sèten objektif lapolis.

### **Itilizasyon ak divilgasyon PHI**

Depatman Ponpye Vil New York la gendwa itilize oswa bay PHI nan ka sa yo:

- Pou Depatman Ponpye a itilize nan tretman w oswa pou jwenn peman pou sèvis li ba ou oswa nan lòt aktivite swen sante;
- Pou bay yon lòt founisè oswa antite swen sante pou tretman, peman oswa aktivite founisè oswa antite ki resevwa enfòmasyon yo (tankou lopital kote yo transpòte w la oswa konpayi asirans ou);
- Pou aktivite asirans kalite ak amelyorasyon kalite, pou kontwòl ak amelyore swen pou pasyan yo, dapre lwa Eta New York la;
- Pou deteksyon fwòd ak abi nan zafè swen sante oswa pou aktivite ki gen pou wè avèk obeyisans lalwa;
- Pou bay yon manm fanmi pwòch ou, yon lòt fanmi w, oswa yon zanmi pèsonèl pwòch ou oswa yon lòt moun k ap patisipe nan swen w yo, si nou jwenn otorizasyon w oswa si ou pa gen pwoblèm avèk sa, oswa si nou sipoze dapre sikonstans yo, ou pa t ap gen pwoblèm si nou ta bay enfòmasyon sa yo. Paregzanp, bay konjwen w enfòmasyon lè li fin mande anbilans la;
- Pou bay yon otorite sante piblik nan sèten sitiyasyon, tankou rapòte nesans, lanmò oswa maladi jan lalwa egzije l, nan kad yon envestiagasyon sante piblik, pou rapòte abi, neglijan oswa vyolans lakay, defo nan pwodui, oswa nan kad yon pwosesis pou fè yon moun konnen li te an kontak avèk yon maladi atrapan jan lalwa egzije l;
- Pou aktivite kontwòl sante tankou odit oswa envestigasyon gouvènman, enspeksyon, pwosedi disiplinè, ak lòt mezi administratif oswa jidisyè nan men gouvènman an oswa founisè sèvis li yo, dapre lalwa, pou kontwòl sistèm swen sante a;
- Pou pwosedi jidisyè ak administratif avèk tribinal yo, avoka yo ak anlwaye tribinal yo lè nou resevwa lòd tribinal, asiyasyon, demann dokiman, manda, konvokasyon oswa lòt enstriksyon lajistis nan men tribinal oswa òganis piblik sa yo, ak nan kad sèten lòt pwosedi jiridik, jidisyè oswa administratif, oswa pou defann tèt nou kont yon pwosè yo entante kont nou, oswa pou bay avoka ki reprezante Depatman

- Ponpye a, an rapò avèk zafè sa yo;
- Pou aktivite lapolis nan sitiyaasyon tankou lè enfòmasyon yo nesèsè pou jwenn yon sispè oswa pou rete yon krim;
- Pou fòs ame, defans nasyonal ak sekirite, ak lòt fonksyon gouvènman espesyal;
- Pou anpeche menas grav kont sante ak sekirite piblik la an jeneral;
- Pou bay ofisyèl prizon oswa polisye pou pasyan yon polisye mete an detasyon oswa ki se prizònne yon etablisman penitansye;
- Pou bay kowonè, medsen lejis, ak direktè ponp finèb pou idantifikasyon yon moun ki mouri, pou detèminasyon kòz lanmò a, oswa pou egzèsis travay yo jan lalwa otorize l;
- Pou donè ògàn, pou bay òganizasyon ki okipe apwovizyonman nan zafè ògàn, grèf ògàn, je oswa tisi, oswa pou bay yon bank don ògàn, si sa nesèsè pou fasilite don ògàn ak grèf;
- Pou bay asosye nan biznis: nou gen dwa divilge kantite minimòm nan PHI ou yo ki nesèsè bay founisè sèvis, ajan ak lòt asosye nan biznis ki bezwen enfòmasyon yo pou ede nou jwenn peman oswa mennen operasyon biznis nou yo. Asosye nan biznis yo ap garanti nou alekri y ap pwoteje enfòmasyon pwoteje sou sante w yo jan lalwa egzije l.
- Lè lwa federal, eta oswa lokal egzije nou fè l.
- Pou pwojè rechèch, lè prèske pa gen risk pou konfidansyalite w ak gen pwoteksyon adekwat ki anplas konfòmman a lalwa; epi
- Lè enfòmasyon sou swen sante nou bay yo pa pèmèt yo idantifye w pèsònèlman.

### **Itilizasyon ak divilgasyon PHI avèk otorizasyon pasyan an**

Tout lòt itilizasyon oswa divilgasyon PHI apa sa ki prezante pi wo a ap fèt sèlman lè w fin bay otorizasyon w, alekri, pou fè sa. Otorizasyon an dwe idantifye avèk presizyon enfòmasyon n ap chèche itilize oswa bay yo, epitou kilè ak kijan n ap chèche itilize oswa bay enfòmasyon sa yo. Nan ka sa yo, ou gendwa revoke otorizasyon w lan nenpòt lè (revokasyon sa a dwe fèt alekri) eksepte nan mezi nou deja itilize oswa bay enfòmasyon medikal dapre otorizasyon w lan.

Depatman Ponpye a pa vann PHI pasyan ni sèvi avèk yo nan objektif fè maketin.

### **Dwa chak pasyan**

Kòm pasyan, ou gen sèten dwa nan sa ki gen pou wè avèk enfòmasyon pwoteje sou sante w yo.

**Dwa jwenn kopi oswa enspekte PHI ou.** Sa vle di ou gendwa jwenn yon kopi Rapò Swen Anvan Lopital ou a, jan yo prezante l nan Gid pou Dosye Ajans (Guide to Agency Records) Depatman Ponpye a (li disponib sou sit entènèt Depatman Ponpye a, <https://www.nyc.gov/site/fdny/about/resources/record-requests/records-request.page>).

Pou enspekte oswa resevwa yon kopi Rapò Swen Anvan Lopital ou a, w ap gen pou fè demann ou an alekri, epitou depoze otorizasyon pasyan an bay la pou yo revele enfòmasyon sa yo. Si se nan fòm elektwonik nou kenbe rapò swen pou pasyan an, ou gendwa mande yon kopi elektwonik rapò swen pou pasyan an w lan oswa mande pou nou voye yon kopi elektwonik pou nenpòt moun ou deziyen alekri. Nan sèten sitiyaasyon, nou gendwa refize

demann ou an pou enspekte oswa kopye enfòmasyon ou mande yo. Si nou refize demann ou an, n ap fè w konn sa alekri epi nou gendwa ba w chans pou fè yo egzaminen refi a. Ou ka swa mande Rapò Swen Anvan Lopital Depatman Ponpye yo pa lapòs, nan adrès FDNY Public Records Unit (9 Metrotech Center, 1st Floor, Brooklyn, NY 11201-3857, swa jwenn yo sou entènèt nan <https://fdny.mypatientcounters.com/myrecord>. Pou jwenn dosye bòdwo, tanpri kontakte sèvis pou kliyan an nan 888-980-9325. Ou dwe voye tout lòt demann pou jwenn Rapò Swen Anvan Lopital pou Ajan Pwoteksyon Ransèyman Prive a, jan nou endike l nan finisman Avi a.

**Dwa fè chanjman nan PHI ou.** Si w panse enfòmasyon medikal ki konsène w yo enkòrèk (paregzanp, enfòmasyon medikal ki nan rapò swen pou pasyan an) ou gen dwa pou w mande nou fè chanjman nan enfòmasyon sa yo. Nou gen dwa egzijje pou w fè demann ou an alekri epi pou l eksplike poukisa enfòmasyon yo ta dwe chanje. Si nou fè chanjman ou mande a, n ap fè w konn sa. Si nou refize demann ou an, n ap fè w konnen alekri rezon refi a. Paregzanp, lalwa ba nou otorizasyon pou nou refize demann ou an si nou panse enfòmasyon nou genyen yo kòrèk. Ou gen dwa, lè sa a, pou w depoze yon deklarasyon dezakò. Ou gen dwa tou pou w mande pou nou ajoute premye demann ou an, refi nou an ak deklarasyon dezakò w la, nan tout divilgasyon enfòmasyon w k ap fèt pi devan. Si w swete mande pou nou fè chanjman nan enfòmasyon medikal nou genyen sou ou yo, ou dwe kontakte Ajan Pwoteksyon Ransèyman Prive a, jan sa endike nan finisman Avi sa a.

**Dwa mande yon kontrandi sou jan nou itilize ak bay PHI ou.** Ou gen dwa pou w resevwa yon lis ka kote kote nou oswa asosye nan biznis nou yo te bay enfòmasyon medikal ou nan objektif ki pa t ni tretman, ni peman, ni aktivite swen sante, ni operasyon ou te otorize, epitou pou sèten lòt aktivite ki te fèt, jiska sis lane anvan dat demann ou an. Nou pa oblije ba w kontrandi sou enfòmasyon nou bay asosye nan biznis nou yo. Men, ou p ap kapa jwenn yon lis divilgasyon ki te fèt anvan 14 avril 2003. Si w swete mande yon kontrandi sou enfòmasyon medikal ou gen dwa a yo nou genyen sou ou yo, tanpri kontakte Ajan Pwoteksyon Ransèyman Prive a, jan sa endike nan finisman Avi sa a.

**Dwa mande pou nou mete restriksyon sou itilizasyon ak divilgasyon PHI ou.** Ou gen dwa pou w mande pou nou mete restriksyon sou jan nou itilize ak bay enfòmasyon medikal ou yo nan sa ki gen pou wè avèk tretman, peman, ak jesyon swen sante. Ou gen dwa tou pou w mande pou nou mete restriksyon sou divilgasyon bay moun k ap patisipe nan swen sante w yo (tankou fanmi oswa zanmi) oswa nan peman pou swen sante w yo. Nou gendwa egzijje pou w fè demann ou an alekri. N ap egzaminen demann ou an men nou pa oblije obeyi li. Si w mande yon restriksyon epi enfòmasyon ou mande pou nou mete restriksyon sou yo a nesèsè pou ba w tretman dijans, nou gendwa itilize enfòmasyon yo oswa bay yon founisè swen sante yo, pou w ka resevwa tretman dijans. Ou gen dwa pou w mande pou nou mete restriksyon sou divilgasyon PHI ou a bay yon plan sante lè ou peye nèt pou sèvis nou ba w yo “avèk lajan ki soti nan pòch ou”. N oblije obeyi demann sa a sòf si lalwa egzijje pou nou bay enfòmasyon sa yo.

**Dwa mande kominikasyon konfidansyèl.** Ou gen dwa pou w mande pou kominikasyon ki gen pou wè avèk PHI ou yo fèt pa lòt mwayen oswa nan yon lòt kote. Si w swete mande pou nou kominike avè w pa lòt mwayen oswa nan yon lòt kote, tanpri fè demann ou an alekri epi voye l pou Ajan Pwoteksyon Ransèyman Prive Depatman Ponpye a (w ap jwenn kowòdone li yo pi ba a). Nou p ap mande rezon demann ou an epi n ap fè aranjman pou demann sa a nan mezi sa posib.

**Dwa pou yo fè w konn sa si te gen pase dwèt nan PHI ki pa sekirize ou yo.** Malgre n ap fè tout sa nou kapab pou pwoteje PHI ou, si nou ta dekouvri yon itilizasyon oswa yon divilgasyon san otorizasyon dosye ki gen PHI, n ap fè investigasyon pou detèmine si itilizasyon oswa divilgasyon san otorizasyon sa a te transgese konfidansyalite PHI ou. Si nou detèmine gen yon pase dwèt konsa ki te fèt, n ap mete w okouran pase dwèt la epi n ap ba w enfòmasyon konsènan rezon pase dwèt la, yon deskripsyon PHI ki divilge a, tout mezi ou dwe pran yo pou pwoteje tèt ou, yon deskripsyon investigasyon an ak tout mezi nou pran pou limite dega yo, ak kowòdone pou w kontakte Depatman Ponpye a pou jwenn plis enfòmasyon.

**Enfòmasyon sou Tretman Toksikomani.** Nou gendwa resevwa oswa kenbe dosye sou tretman toksikomani (substance use disorder, “SUD”) ki soti nan sèten pwogram oswa aktivite ki gen pou wè avèk edikasyon sou toksikomani, prevansyon, fòmasyon, tretman, reyadaptasyon, oswa rechèch ki anba pwoteksyon 42 C.F.R. Pati 2 (“Pwogram Pati 2”). Si nou resevwa oswa kenbe dosye w ki soti nan yon Pwogram Pati 2, konfòmman a yon konsantman jeneral ou te bay Pwogram Pati 2 a, ki otorize itilizasyon ak divilgasyon dosye w yo nan Pwogram Pati 2 a pou tretman, peman, oswa aktivite swen sante, nou gendwa itilize ak bay dosye sa yo pou treman, peman, ak aktivite swen sante, jan apa sa nou dekri l nan Avi sa a, avèk menm dwa, restriksyon, ak pwoteksyon yo. Men, si nou resevwa oswa kenbe dosye w ki soti nan yon Pwogram Pati 2 konfòmman a yon konsantman ekri presi ou te ba nou oswa te bay yon lòt pati deyò, n ap itilize ak bay dosye sa yo sèlman nan mezi ki otorize aklè nan konsantman sa a. Tout enfòmasyon pwoteje sou sante ki nan yon dosye toksikomani ki te deja divilge gendwa divilge ankò. Nou p ap ni itilize ni bay dosye w yo ki soti nan yon Pwogram Pati 2, ni temwaye ni bay prèv ki dekri enfòmasyon ki nan dosye sa yo, nan kèlkeswa pwosedi sivil, penal, administratif, oswa lejislatif yon otorite federal, eta, oswa lokal ap fè kont ou, sòf si itilizasyon oswa divilgasyon sa a gen otorizasyon klè w nan konsantman ekri w la oswa gen otorizasyon klè yon lòd tribinal ki bay lè yo fin avèti w.

### **Plent, Kesyon ak Demann pou Kopi Avi sa a**

Avi sou Pratik Konfidansyalite sa a pral afiche sou sit entènèt Depatman Ponpye a (<https://www.nyc.gov/assets/fdny/downloads/pdf/about/privacy-practices.pdf>) epi n ap mete Avi sa a disponib toupato sou sit entènèt la. Men, ou gen dwa tou pou w resevwa avi sa a sou fòm ekri, sou demann. Ou gendwa mande enfòmasyon pi detaye sou dwa w yo ak sou pwoteksyon konfidansyalite oswa aprann kijan pou egzèse dwa endividyèl sa yo jan li dekri nan Avi sa a. Si w swete fè sa, tanpri kontakte Ajan Pwoteksyon Ransèyman Prive a, jan nou endike l pi ba a.

Depatman Ponpye a gen dwa pou li chanje kondisyon Avi sa a nenpòt lè, epi san li pa avèti w. Nou gen dwa mete chanjman nou yo an vigè touswit epi aplike yo pou tout PHI nou kenbe yo. Tout chanjman enpòtan nan Avi a ap afiche touswit sou sit entènèt nou an. Ou ka jwenn yon kopi dènye vèsyon Avi sa a sou sit entènèt la oswa ou ka kontakte Ajan Pwoteksyon Ransèyman Prive a, jan nou endike l pi ba a.

Si w panse Depatman Ponpye a pa respekte dwa a konfidansyalite w yo, ou gen

dwa pou pote plent ba nou, oswa bay Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini an (United States Department of Health and Human Services). Depatman Ponpye a p ap fè okenn reprezay kont ou si w pote yon plent konsa devan Ajan Pwoteksyon Ransèyman Prive a oswa devan gouvènman an. Si w ta gen kesyon, kòmantè oswa plent, tanpri voye tout demann ransèyman yo bay Ajan Pwoteksyon Ransèyman Prive nou deziyen nan finisman Avi sa a.

Tanpri voye tout plent, kesyon oswa kòmantè pou Ajan Pwoteksyon Ransèyman Prive Depatman Ponpye a, jan nou endike l pi ba a.

### **Ajan Pwoteksyon Ransèyman Prive HIPAA Depatman Ponpye a**

Si w gen kesyon oswa si w ta renmen egzèse nenpòt nan dwa a konfidansyalite ki prezante nan Avi sa a, oswa si w ta renmen pote plent, tanpri kontakte Ajan Pwoteksyon Ransèyman Prive HIPAA a:

Pa Lapòs:

FDNY HIPAA Privacy Officer  
Office of Health Care Compliance,  
FDNY Headquarters, 8<sup>th</sup> Floor  
9 Metro Tech Center  
Brooklyn, NY 11201-3857

Nan Telefòn:

Nimewo Asistans pou Konfòmite ak Konfidansyalite FDNY la  
(FDNY Compliance & Privacy Hotline)  
1-877-FDNY NYC  
(1-877-336-9692)

Pa imèl: [HealthCareCompliance@fdny.nyc.gov](mailto:HealthCareCompliance@fdny.nyc.gov).

**Sou entènèt:**

<https://mobile.reportit.com/report/fdnyhelpline>